INTERNATIONAL CONFERENCE Dehli, India, 2025
https://eijmr.org/conferences/

# THE CONCEPT OF “FLOWER” («GÚL») IN PROVERBS AND SAYINGS

**Ermaǵanbetova Gúlparshın Maratovna**

**Annotation.** This article analyzes the concept of “flower” in Karakalpak folk proverbs and sayings from a linguoculturological perspective. It has been revealed that there is a deep associative meaning connected with the flower in the folk consciousness.
**Key words:** “flower” concept, proverbs and sayings, paremiology, symbol, association.

## NAQÍL-MAQALLARDA «GÚL» KONCEPTI

**Annotaciya.** Bul maqalada qaraqalpaq xalıq naqıl-maqallarında «gúl» koncepti lingvokulturologiyalıq jaqtan analizlendi. Xalıq sanasında gúl menen baylanıslı tereń associativ mazmun bar ekenligi anıqlandı.

**Gilt sózler**: «gúl» koncepti, naqıl-maqallar, paremiologiya, simvol, associaciya.

## MAQOL-MATALLARDA «GUL» KONSEPTI

**Annotatsiya.** Ushbu maqolada qoraqalpoq xalq maqol-matallarida «gul» konsepti lingvokulturologik jihatdan tahlil qilindi. Xalq ongida gul bilan bog‘liq chuqur assotsiativ mazmun borligi aniqlandi.
**Kalit so‘zlar:** «gul» konsepti, maqol-matallar, paremiologiya, ramz, assotsiatsiya.

Barlıq xalıqlardıń awızeki dóretpelerinde bolǵanı sıyaqlı, qaraqalpaq xalıq awızeki dóretpeleriniń úlken bir tarawın naqıl-maqallar quraydı. Naqıl-maqallar xalıqtıń ásirler boyı puxtalap, kir juqtırmay atadan balaǵa, góneden jańaǵa ótkerip kelgen ǵáziynesi.

Naqıl-maqallar kóbinshe poetikalıq formaǵa iye boladı. Sonlıqtan, olar mázi aytıla beretuǵın jay sózlerdey shubalańqı bolmaydı. Kópshilik sóz sheberleriniń oy eleginen ótip shıńlanıp barıp shıqqanlıqtan tili ótkir hám oǵada kórkem boladı. Olar óziniń turmısqa iykemligi, uzaq oylardı qısqartqan kóleminiń shaǵınlıǵı jáne pikirdi isenimli etip bayanlawdıń ótkir quralı bolıwı uqsaǵan qásiyeti menen awızeki xalıq dóretpeleriniń basqa túrlerinen ayrıqshalanadı [1:7].

Qaraqalpaq til biliminde naqıl-maqallar az izertlengen awızeki-xalıq dóretpelerinen esaplanadı. Xalıqtıń qısqa hám ıqsham bunday danalıq sózlerin jıynaw hám baspaǵa tayarlawda T.Niyetullaevtıń xızmetleri úlken. Ilimpazdıń 1982-jılı basılıp shıqqan «Qaraqalpaq xalıq naqıl-maqalları» miynetinde naqıl-maqallar analizlenip, kórkemlik ózgeshelikleri, kórkem súwretlew quralları, olardıń qurılısı izertlendi [2]. Al 1989-jılı O.Bekbaulov penen birge «Áyyemgi túrkiy naqıl-maqallarınıń házirgi qaraqalpaq tilindegi ekvivalenti» maqalası jarıq kórdi [3].

Qaraqalpaq til biliminde naqıl-maqallar hár qıylı aspektlerde izertlenip kelinbekte. Máselen, Gúlziyra Kdırbaeva «Man» - «adam» konceptosferası birliklerin paremiologiyalıq diskurstaǵı tematikalıq toparlarǵa klassifikaciyalap kórsetti [4].

Qaraqalpaq xalıq naqıl-maqallarında insanlardı miynet súygishlikke tárbiyalaw hám qıyınshılıqqa shıdamlı etip jetilistiriw baslı temalardıń biri. Máselen,

Tikeneksiz *gúl* bolmas,

Mashaqatsız baxıt bolmas, - degen mısalda, hátteki, tábiyattıń eń sulıw ájayıbatlarınan biri gúldiń de tikeni bolatuǵınlıǵı aytılıp, sol sıyaqlı insan ómiri de baxıt hám quwanısh penen birge mashqala hám sınaqlardan da ibarat ekenligi salıstırmalı túrde sáwlelenedi. Yaǵnıy, *tikenekli gúl* – bul mashaqatlı baxıtqa teń dep kórsetilgen.

*Gúl* hám *búlbúl* obrazları xalıq awızeki dóretpeleriniń basqa janrlarındaǵı sıyaqlı naqıl-maqallarda da jiyi qollanılǵan. Bunday figuralar arqalı ashıqlıq jáne gózzallıq haqqındaǵı ideyalar ashıp berilgen. Mısalı:

*Gúl-gúlge* ashıq,

*Gúl* búlbúlge ashıq,

Otırıspa sózge ashıq. (175-bet)

Bul qatarlardaǵı obrazlar arqalı tábiyiy gózzallıq, muhabbat hám kórkem-óner arasındaǵı tıǵız baylanıs ańlatıladı. *«Gúl gúlge ashıq»* degen qatarda gózzallıqtıń gózzallıqqa umtılıwı, yaǵnıy, adamlar arasında ruwxıy jaqınlıq, ishki uyǵınlıq bolsa, olardıń bir-birine tartılıwı názerde tutılǵan. *«Gúl búlbúlge ashıq»* degende sulıwlıqtıń ózi sezimlerge hám kórkem-ónerge ashıq ekenligi sáwlelengen. *«Otırıspa sózge ashıq»* degende bolsa, hárqanday bayram, otırıspaq sózsiz, qosıqsız kewilli ótpeytuǵınlıǵı aytılıp, muzıka, danalıq sóz, jaqsı qosıqtıń insan ómirindegi áhmiyetli ornın kórsetedi.

Xalqımız ázelden-aq balanı jaqsı tárbiyalawǵa ayrıqsha itibar bergenligi sebep *gúl* obrazı ayırım naqıl-maqallarda tárbiya, ádep-ikramlılıq hám estetikalıq qádiriyatlar menen baylanıslı jumsaladı. Máselen:

Tárbiy menen *gúl* ósedi,

Sóylew menen til ósedi. (249-bet)

Bul mısalda *«Tárbiy menen gúl ósedi»* degende *gúl* insannıń estetikalıq hám ulıwma ádep-ikramlılıq jaqtan jetilisiw simvolı sıpatında bildiriledi. Bunda gúl – tábiyiy gózzallıq emes, bálki, insannıń miyneti, itibarı hám tárbiyası arqalı kórinetuǵın sociallıq qádiriyattı ańlatadı. Demek, «gúl» koncepti bul naqıl-maqalda adamzatqa tán gózzallıq hám jetiklikti tárbiya arqalı qáliplestiriw ideyasın bildiredi.

Naqıl-maqallarda da hayal-qızlardı qádirlew, olardıń sırtqı hám ishki jan dúnyasınıń sulıwlıǵın gúlge teńew mazmunındaǵı kózqaraslar ushırasadı. Mısalı:

El qızsız bolmas,

Jer *gúlsiz* bolmas. (187-bet)

Bul mısalda *gúl* obrazı hayal-qızlardıń simvolı, yaǵnıy, jámiyettegi náziklik, páklik hám muqaddeslik túsinikleri menen birlestirilgen. Naqılda «gúl» konceptiniń lingvokulturologiyalıq hám social-

estetikalıq mazmunı ashıp berilgen. «Qız» hám «gúl»diń parallel qollanılıwı arqalı olardıń muqaddes hám qádir-qımbatı joqarı ekenligi haqqındağı salıstırmalı kózqaras qáliplesken.

«Gúl» koncepti xalıq awızeki dóretpelerinde álwan túrli mazmundağı oy-pikirlerdi payda etedi. Bunda gúldiń tábiyiy belgileri menen birge xalıqtıń sanasındağı gúl menen associaciyağa iye milliy túsinikler de mazmunnıń júzege shığıwına túrtki boladı. Mısalı ushın, xalqımızda mınanday naqıl-maqal bar:

*Gúl* ushın tikenekti de suwǵarasań. (20-bet)

Bul maqalda «gúl» obrazınıń sulıwlıq, bálki, pidayılıq hám qıyınshılıq penen baylanıslı seması da bildirilgen. Sonday-aq, *tikenek* penen birge qollanılıwı arqalı «gúl» koncepti kóp qatlamlı – estetikalıq, emocionallıq hám filosofiyalıq mazmunǵa iye boladı. Bul bolsa, xalıq tilinde «gúl» sóziniń turmıslıq mashqalalar menen baylanıslı konnotaciyaların ashıp beredi.

Qaraqalpaq naqıl-maqallarında adamzattıń ómir jollarınıń hár qıylı ekenligi, birew baxıtqa hám ómirdegi maqsetlerine erisse, basqası turmıstıń mashaqatlı iyiriminde aylanatuǵınlığı haqqında da sóz etilgen. Mısalı:

Bir *gúl* tolıp ashıladı,

Bir *gúl* solıp ashıladı. (98-bet)

Bunda «gúl» koncepti insan tágdiriniń estetikalıq hám emocional simvolı sıpatında qollanılğan. *Tolıp ashılıw* hám *solıp ashılıw* qarama-qarsı metaforaları arqalı xalıq sanasında *gúl* gózzallıq, sonday-aq, tágdir, úmit hám joğaltıwlar menen baylanıslı keń mánidegi sfera ekenligin sáwlelendirgen. Bul bolsa «gúl» konceptiniń psixologiyalıq hám filosofiyalıq qatlamların ashıp beredi.

Naqıl-maqallarda «gúl» koncepti maydanındağı birlikler arqalı tereń sociallıq mánige iye bolǵan danıshpanlıq mazmundağı oy-pikir júzege shığadı. Máselen:

Jaman qılığın taslasa,

Álem bolar *gúlistan*. (252-bet)

Maqalda insan ózin jónlewi, unamsız illetlerin joq etiwi arqalı, jámiyette tártipti ornatıwǵa sebepshi bolatuǵınlığı aytılǵan. Bunda álem – qorshaǵan ortalıq, adamlar jasap atırǵan ómir maydanı retinde túsiniledi. Al *gúlistan* sózi páklik, tatıwlıq hám tınıshlıq simvolı retinde qollanılǵan.

Gúl sózi kontrastlı súwretlewde geypara sózler menen qarama-qarsı semanı bildirip, tiykarğı pikirdi ele de kúsheytip keledi. Máselen:

Tapqan *gúl* keltiredi,

Tappaǵan bir baw *piyaz*. (17-bet)

Bul danalıq sózlerde *tapqan* – háreket etken, umtılǵan, miynet islegen insandı ańlatıp tur. Ol qıyınshılıqtı jeńedi, nátiyjede «gúl», yaǵnıy, gózzallıq, sıylıq, baxıt alıp keledi. Al tappaǵan degende izlenbegen, erinsheklik qılǵan adam haqqında aytılıp, ol arzımaytuǵın nátiyjege erisetuǵınlıǵı bir baw piyaz mısalında kórsetiledi.

Naqıl-maqallarda «gúl» koncepti maydanında *gúl*, *gúlistan* birlikleri menen birge *lala* sózi de ónimli qollanıladı. Mısalı:

Ata menen bala,

*Gúl* menen *lala*. (116-bet)

Mısalda *gúl* (ata) hám *lala* (bala) obrazları arqalı olar bir pútinniń eki ajıralmas bólegi sıpatında sáwlelengen hám ata-bala arasındaǵı qarım-qatnas tábiyattaǵı gúl hám lala kibi sulıw, bir-birine baylanıslı bolatuǵınlıǵı ańlatılǵan. Bul jerde «gúl» koncepti áwladlar dawamlılıǵı, shańaraq qádiriyatları menen baylanıslı simvolǵa aylanǵan.

Juwmaqlastırıp aytqanda, qaraqalpaq naqıl-maqallarında qollanılǵan gúl sózi konceptlik maydanına iye hám xalqımızdıń dúnyanı qalay qabıl etiwi haqqındaǵı milliy túsinigin verballastıra aladı.

**PAYDALANÍLǴAN ÁDEBIYATLAR:**

1. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық IV том. Қарақалпақ халық нақыл-мақаллары. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1978-жыл. – Б. 7.

2. Ниетуллаев Т. Қарақалпақ халық нақыл-мақаллары. – Нөкис, 1982.

3. Бекбаўлов О., Ниетуллаев Т. Әййемги түркий нақыл-мақалларының ҳәзирги қарақалпақ тилиндеги эквивалентлери // ӨзР ИА Қарақалпақстан бөлими Хабаршысы. 1989. №3.

4. Кдырбаева Г. К. «Man» - «Adam» концептоцфераси бирликларининг лингвомаданий ва лингвокогнитив хусусиятлари (инглиз ва қорақалпоқ тиллари мисолида). Филол. фан. бўйича фалсафа доктори (PhD) диссертацияси автореферати. – Тошкент, 2017.

5. Қарақалпақ фольклоры – нақыл-мақаллар. – Ташкент: Yangi kitob, 2019. – Б. 17.